**Jàmm ak salaam, Abi Nduur**

Réew mi sunu réew la bu fi kenn yee fitna
Nanu delloosi xel yi te ku nekk ànd ak dal
Réew mi sunu réew la bu fi kenn indi ay
Nanu delloosi xel yi moo gën

Léegi li nu fiy gis amu fi woon
Ku ne a ngi jéem jël sa yoon
Nun, jàmm ak salaam mooy li nu xam
Loolu la fi maam yi bayyiwoon
Senegaal, nun lanu am
Nanu sant Yàlla ñaan ko mu sax
Nanu coow, nanu wax waaye nanu ànd ak sunu xel

Léegi li nu fiy gis amu fi woon
Mu mel ni kenn faletuñoo
Te liy xew feneen mën na fi am
Bu nu doxalul lu dul yoon
Nanu teey te nu dal
Bañ a jiital sunuy bëgg-bëgg yi
Sutura ci fu ne man dé gisaguma fu mu am
Dangay añe sa ceebu jën, daldi 'enchainé' ak sa lewël
Ngoon si nga sañse ba rafet
Seetaani làmb ja

Tey ji fu la neex ngay fanaani
Loolu ci jàmm rekk la xaj te xeet yépp jaxasoo fa
Foo dem gis fa ko bokkal, nanu teey

Réew mi sunu réew la bu fi kenn yee fitna
Nanu delloosi xel yi te ku nekk ànd ak dal
Jàmm ak salaam mooy li nu xam
Loolu la fi maam yi bayyiwoon x2

Léegi li nu fiy gis amu fi woon
Ku ne a ngi jéem jël sa yoon
Jàmm ak salaam mooy li nu xam
Loolu la fi maam yi bayyiwoon

Gaa ñi nanu ànd ak dal, nu ni neen la
Ba tax fii Senegaal xeet yi yépp jaxasoo
Kër goo dem boo fa amul ndey am nga fa baay
Nanu delloosi xel yi te muslu ci seytaane
Coow li bari na mu di ci wàllum diine di ci wàllum aada di ci wallum politig
Nanu ànd te kenn bañ a yee fitna
Nun waa gaal gi ci jàmm ak teggin doŋŋ lanu xame
Kon Yàlla na Yàlla dolli jàmm ak salaam

Réew mi sunu réew la bu fi kenn yee fitna
Nanu delloosi xel yi te ku nekk ànd ak dal
Jàmm ak salaam mooy li nu xam
Loolu la fi maam yi bayyiwoon

**Tekki bi**
Réew m-: country
Yee: to wake up
Fitna: trouble
Delloosi: to bring back
Xel m-: spirit, mind
Te: and
Dal: be self-possessed
Ay b-: controversy, argument
Yoon w-: way
Maam y-: ancestors
Jàmm j- = salaam: peace
Bayyi: to leave, to give up
Sant: to praise
Yàlla j-: God
Ñaan: to ask ‘favor or prayer’
Sax: to last
Coow: to argue, to dispute
Coow l-: argument
Ànd: to go along
Mel: to look like
Fale: to care
Xew: to happen
Feneen: somewhere else, elsewhere
Mën: can, be able to
Doxal: to make work or make right
Teey: be self-possessed
Bañ: to refuse
Jiital: to give priority to
Bëgg-bëgg: desire
Sutura s-: discretion
Añe: to have something for lunch
Ceebu jën: Senegalese rice and fish
“enchainé”: followed by
Lewël b-: first serving of the tea
Ngoon s-: afternoon
Sañse: to dress up
Làmb j-: wrestling match
Fanaani: to sleep at somebody’s place
Xaj: be only possible
Jaxasoo: to mix (interethnic marriage)
Bokkal: share a family relationship
Gaa ñ-: friends
Nu ni leen la: it is only us (it is between us)

Xeet w-: ethnic group
Muslu: to stay away from, to avoid
Ci wàllum: regarding, about
Diine j-: religion
Aada j-: custom, tradition
Politig b-: politic
Waa j-: guy
Teggin w-: courtesy, respect
Doŋŋ: only
Dolli: to add

**Dég-dég bi**

1. lan la Abi wax ne bu ko kenn yee ci réew mi?
2. ku ne, lan ngay jéem a def ?
3. lan la maam yi bayyiwoon Senegaal ?
4. bu nu doxalul yoon, lan moo mën a am ?
5. lan lanu narul a jiital?
6. naka la Abi bëgg nit ñi mel?
7. ci Senegaal, naka la xeet yi mel ?
8. ci yan wàll la coow li bari ?
9. ci yan lanu xame waa gaal gi ?
10. lan la Abi bëgg Yàlla dolli ci réew mi ?

**Jéemantu bi**

1. déglul woy wi te yokk baat yeek kàddu yi manke

**Xaaj 1**

Réew mi sunu réew la bu fi kenn yee fitna
---------------------- te ku nekk ànd ak dal
Réew mi sunu réew la ------------------------
Nanu delloosi xel yi moo gën

-------------------- gis amu fi woon
Ku ne a ngi jéem jël sa yoon
Nun, jàmm ak salaam --------------------
Loolu la fi maam yi bayyiwoon
--------------- , nun lanu am
Nanu sant Yàlla ñaan ko mu sax
-------------------- , nanu wax waaye nanu ànd ak sunu xel

**Xaaj 2**

Léegi li nu --------------------------
Mu mel ni kenn faletuñoo
---------------- feneen mën na fi am
Bu nu doxalul lu dul yoon
Nanu teey te nu dal
Bañ a jiital ----------------------------------

Sutura ci fu ne  man dé gisaguma fu mu am
Dangay----------------------  , daldi 'enchainé' ak sa lewël
Ngoon si nga sañse ba rafet
Seetaani làmb ja

**Xaaj 3**
Tey ji fu la neex ngay fanaani
Loolu ci jàmm rekk la xaj te -----------------------
Foo dem gis fa ko bokkal, nanu teey

---------------------------   la bu fi kenn yee fitna
Nanu delloosi xel yi te ---------------------------
Jàmm ak salaam mooy li nu xam
Loolu la fi ------------------------------

Léegi li nu fiy gis amu fi woon
Ku ne a ngi jéem ---------------------
Jàmm ak salaam mooy li nu xam
-----------------   fi maam yi bayyiwoon

**Xaaj 4**
Gaa ñi nanu ànd ak dal, nu ni neen la
Ba tax fii Senegaal xeet yi yépp jaxasoo
Kër goo dem boo fa amul ndey am nga fa baay
Nanu delloosi xel yi te muslu ci seytaane
Coow li bari na mu di ci wàllum diine di ci wàllum aada di ci wallum politig
Nanu ànd te kenn bañ a yee fitna
Nun waa gaal gi ci jàmm ak teggin doŋŋ lanu xame
Kon Yàlla na Yàlla dolli jàmm ak salaam

Réew mi sunu réew la bu -----------------------------
Nanu delloosi xel yi te ku nekk ànd ak dal
----------------------       mooy li nu xam
Loolu la fi maam yi bayyiwoon

2. bindal woy wu mel ni pur sa réew nga wax askan wi li nga yàkkaar ne moo baax ci réew mi ak li fi nar a jóge.